

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Ieu bab métode panalungtikan téh medar ngeunaan, (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) ngumpulkeun data, jeung (4) téhnik analisis data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif ngagunakeun métode déskriptif. Data anu dicangking mangrupa ungkara dina akun resmi *instagram* @kangcartoon anu saterusna diulik wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris jeung daya humorisna. Nurutkeun Moleong (2015, kc. 6) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna paripolah, persépsi, motivasi, tindakan jeung sajabana, sacara holistik sarta ku cara deskriptif dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks anu husus nu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métode ilmiah.

Luyu jeung pamadegan di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nurutkeun Arikunto (2010, kc. 3) nyaéta panalungtikan anu dimaksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén anu geus didadarkeun, anu hasilna tinulis dina wangun laporan panalungtikan. Hal-hal anu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan polah ucap humoris dina akun resmi *instagram* @kangcartoon anu ungarana dipasing-pasing deui dumasar wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris jeung daya humorisna.

Desain panalungtikan nyaéta rarancang ngeunaan cara ngumpulkeun jeung nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara éféktif sarta luyu jeung udagan panalungtikan anu rék ditalungtik (Nasution, 2009, kc. 23). Sabada niténan pamarekan jeung métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, sangkan bisa ngagampangkeun panalungtikan dina prosés analisisna dibutuhkeun hiji desain panalungtikan. Dina desain panalungtikan, ditétélakeun ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan saperti dina bagan 3.1.



**Bagan 3. 1**  
*Desain Panalungtikan*

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana data bisa dicangking (Arikunto, 2010, kc. 172). Sumber data ieu panalungtikan nyaéta akun resmi *instagram* @kangcartoon. Saluyu jeung tujuan panalungtikan, data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh polah ucap jeung daya humoris anu kapaluruh tina 35 paguneman dina akun resmi *instagram* @kangcartoon. Ieu data kaasup kana data tinulis dina wangun paguneman antar tokoh.

Dipilihna akun *instagram* lantaran *instagram* mangrupa aplikasi sosial média pikeun ngirim informasi dina wangun foto jeung video. *Instagram* mimiti medal tanggal 6 Oktober 2010, mimiti medal aya 25.000 nu ngagunakeun *instagram*, dina sababaraha bulan tepatna Mei 2011 nu ngagunakeun *instagram* nepi ka 3,75 juta. Kevin Systrom jeung Mike Kreiger nyaéta jalma nu ngarancang jeung medalkeun aplikasi *instagram*. Dina taun 2018 nurutkeun Liputan6.com, Indonésia kaasup pamaké *instagram* kaopat panglobana sadunya. Ieu média sosial téh bisa digunakeun ku saha waé, ti kelompok mana waé teu kawatesanan ku status sosial, profési, jeung umur.

Akun resmi *instagram* @kangcartoon mangrupa salasahiji akun resmi *instagram* anu eusina animasi kartun ngeunaan bobodoran Sunda. Salian kitu, akun resmi *instagram* @kangcartoon mangrupa akun *instagram* anu kréatif anu béda ti nu lian nu ngagunakeun video animasi kartun pikeun nepikeun paguneman anu ngutamakeun humor atawa bobodoran dina unggal postinganna. Akun resmi *instagram* @kangcartoon miboga *followers* 23,4RB. Data nu rék dianalisis nyaéta data ti mimiti bulan Agustus 2018.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 274) métode dokuméntasi nyaéta néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel nu mangrupa catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti,

notulen rapat, legger, agénda, jsb. Téhnik ngumpulkeun data kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Mariksa jeung niténan data-data dina file video.
- b. Ngatranskrip tina wangun lisan kana wangun tulisan.
- c. Nyirian polah ucap jeung daya humoris nu aya dina wangun tulisan.
- d. Nyatet polah ucap jeung daya humoris nu aya dina wangun tulisan kana kartu data.

### 3.3.2. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta anu dipaké dina panalungtikan ngaliwatan hiji métode (Arikunto, 2010, kc. 192). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Dina unggal *postingan* akun resmi *instagram* @kangcartoon anu ngandung polah ucap humoris disalin kana kartu data, diébréhkeun kode sumber data, tanggal, jeung data déskripsi tina data nu kapanggih. Dina ieu panalungtikan digunakeun kartu data digital. Cara-carana saperti ieu di handap.

- (1) Data hasil transkrip dipindahkeun kana tabel data
- (2) Ngaruntuykeun data postingan luyu jeung tanggal postingan
- (3) Méré nomer runtuyan data

**Tabél 3. 1**  
*Kartu Data Digital*

No.	Data
01	(01/IG/T/B/TH)
02	(02/IG/T/B/TH)
03	(03/IG/T/B/TH)

Keterangan:

- 01 : Nomer data  
 IG : Instagram  
 T : Tanggal  
 B : Bulan  
 TH : Tahun

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data wanda polah ucap saperti ieu di handap.

**Tabél 3. 2**  
*Tabél Papasingan Wanda Polah Ucap*

No Data	Data Polah Ucap	Wanda Polah Ucap		
		Lokusi	Ilokusi	Perlokusi

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data prinsip polah ucap saperti ieu di handap.

**Tabél 3. 3**  
*Tabél Papasingan Prinsip Polah Ucap*

No Data	Data Polah Ucap	Prinsip Pragmatik										
		Gawé Bareng				Kasopanan						
		K1	K2	C	R	KJ	HA	PC	KT	KS	B	

**Katerangan**

- K1 : Maksim Kuantitas
- K2 : Maksim Kualitas
- C : Maksim Cara
- R : Maksim Rélevan
- KJ : Maksim Kawijaksanaan
- HA : Maksim Handap Asor
- PC : Maksim Pangcocog
- KT : Maksim Katumarima
- KS : Maksim Kasimpat
- B : Maksim Balabah

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data daya humoris saperti ieu di handap.

**Tabél 3. 4**  
*Tabél Papasingan Data Daya Humoris*

No Data	Data Polah Ucap	Daya Humoris											
		MR	MD	MS	MK	MÉ	MI	MS1	MH	MA	MT	MP	MN

Keterangan:

- MR : Métafora Réalistis
- MD : Métafora Déskriptif
- MS : Métafora Similatif
- MK : Métafora Kontrastif
- MÉ : Métafora Éksplanatoris
- MI : Métafora Interpretatif
- MS1 : Métafora Sinonimi
- MH : Métafora Homonimi
- MA : Métafora Asimilasi
- MT : Métafora Tarjamahan
- MP : Métafora Pasalia
- MN : Métafora Nyimpang (Plésétan)

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Nurutkeun Nazir (2014, kc. 315) anu dimaksud téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*). Anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta wanda polah ucap humoris, prinsip polah ucap humoris, jeung daya humoris. Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Niténan deui polah ucap jeung daya humoris anu geus dikumpulkeun.
- b. Nyieun papasingan data polah ucap dumasar wanda, prinsip, jeung daya humorisna.
- c. Nganalisis data polah ucap dumasar kana wanda, prinsip, jeung daya humoris nu kapanggih.
- d. Ngadéskripsikeun data polah ucap dumasar kana wanda, prinsip, jeung daya humorisna.
- e. Nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.